

Kategori: **ELÈV**

Pibliye : 28/11/18

Nimewo : **A-420**

Sijè: KONPÒTMAN AK DISIPLIN ELÈV— pinisyon kòporèl

Paj : 1 nan 2

REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a modifiye ak ranplase Règleman Chanselye (CR) A-420 ki gen dat 30 oktòb 2014. Li defini ak entèdi yo bat elèv epi tabli kondisyon pou rapòte ak envestige tout deklarasyon pinisyon kòporèl.

Chanjman:

- Yo retire kondisyon pou pinisyon kòporèl ki pa rive nan campus lekòl la, dezòd ki pa fèt lekòl la dwe deranje oswa ke yo prevwa ki ka deranje pwosesis edikasyon an oswa mete andanje oswa yo prevwa ki ka mete andanje sante, sekirite, moral oswa byennèt kominote lekòl la. (Al gade paj 1, seksyon I.A)
- Yo eksplike nan objektif règleman sa a, reprezantan direktè a se yon sipèvizè direktè a nome. (Al gade paj 2, nòt referans 3)
- Yo chanje peryòd tan rapò a pou direktè/reprezantan rapòte akizasyon pou pinisyon kòporèl ba Biwo envestigasyon espesyal epi mete akizasyon yo nan sistèm rapò sou ensidan ki rive (Online Occurrence Reporting System, OORS) apati 24èdtan rive yon jou lekòl. (Al gade paj 2, seksyon IV.B)
- Yo klarifye ke direktè/reprezantan l dwe jwenn deklarasyon yon temwen nan men nenpòt manm estaf k ap rapòte epi li dwe mete deklarasyon an nan OORS nan espas de jou lekòl. (Gade paj 2, Seksyon IV.B.2.)
- Yo eksplike si konpòtman yo repwoche a se yon krim, direktè/reprezantan l dwe suiv avi ak kondisyon pou fè rapò ki tabli nan CR A-412. (Gade paj 2, Seksyon IV.B.3.)
- Yo egzije si direktè a konsène nan plent lan, sipèntandan an dwe imedyatman avèti viktim lan ke yo pote yon plent. (Al gade paj 2, seksyon IV. E).
- Yo klarifye pou di lè yon direktè mande pou yo voye yon anplwaye yon lòt kote lè gen yon envestigasyon ki poko fini. Biwo envestigasyon manm pèsònèl (Office of Personnel Investigation) ap evalye demand sa a. (Al gade paj 2, seksyon V.A)
- Yo klarifye pou di direktè a/reprezantan l dwe fè envestigasyon nan lekòl la si Biwo envestigasyon espesyal yo voye akizasyon pou pinisyon kòporèl la ba li. (Gade paj 3, Seksyon VI.A.2.)
- Yo egzije pou yon direktè/reprezantan l avèti imedyatman Biwo pou envestigasyon espesyal alekri si moun ki konsène nan yon envestigasyon lekòl pa p travay nan lekòl la ankò. (Gade paj 3, Seksyon VI.A.2.)
- Yo chanje "enfòmasyon espesifik sou elèv" an "enfòmasyon ki ka pèmèt yo idantifye elèv pèsònèlman" dapre langaj yo itilize nan CR A-820 ak nan Lwa federal sou dwa nan edikasyon ak sou vi prive (Federal Educational Rights and Privacy Act, FERPA). (Gade paj 3, Seksyon VI.B.4.a.)
- Yo klarifye nòt referans # 8 la pou di direktè/reprezantan l ka fè reyinyon ki gen rapò ak envestigasyon ak disiplin anmenmtan, depi anplwaye yo akize a gen opòtinite pou reponn akizasyon yo epi direktè/reprezantan l konsidere nenpòt repons ak tout lòt prèv avan pou yo fè yon desizyon final ak bay yon sanksyon. (Al gade paj 4, nòt referans 8)
- Yo chanje kalandriye pou fè yon envestigasyon nan lekòl ak pran yon desizyon konsènan akizasyon pou pinisyon kòporèl soti 10 jou rive 15 jou apati dat yo resevwa rekòmandasyon ki soti nan Biwo pou envestigasyon espesyal la.. (Gade paj 4, Seksyon VI.C.1.)

Kategori: **ELÈV**

Pibliye : 28/11/18

Nimewo : **A-420**

Sijè: KONPÒTMAN AK DISIPLIN ELÈV— pinisyon kòporèl

Paj : 2 nan 2

- Yo klarifye ke si yo pa rive fè yon investigasyon nan lekòl, sa ka lakoz yo sanksyone direktè/reprezantan I. (Gade paj 4, Seksyon VI.C.3.)
- Yo eksplike direktè/reprezantan I ap deside si yo ta dwe bay yon elèv sipò ak entèvansyon pou pinisyon kòporèl. (Al gade paj 4, seksyon VI.D)
- Yo ajoute yon règ ki pèmèt Chanselye/reprezantan I anile tout règleman sa a oswa anpati nan sikonstans espesyal ak nan pi bon enterè sistèm lekòl la. (Al gade paj 5, Seksyon XI).
- Fòm avi 48èdtan, fòm rekonesans anilasyon dwa pou reprezantasyon sendika ak fòm sou vi prive yo disponib pou direktè/reprezantan sou InfoHub, sou paj avoka anchèf domèn (Senior Field Counsel). (Gade nòt referans 5, 6 ak 7 nan paj 3.
- Chanjman nan dokiman siplemantè No. 1 klarifye opsyon ki gen pou règ. (Gade Dokiman siplemantè No. 1 paj 4-5)

REZIME

Règleman sa a entèdi yo bay elèv lekòl pinisyon kòporèl epi tabli pwosedi pou rapòte ak envestige deklarasyon pinisyon kòporèl.

I. RÈGLEMAN

- A. Se regleman Depatman Edikasyon (Department of Education, “DOE”) pou entèdi manm estaf DOE, gadyen, vandè konsiltan, estaf òganizasyon kominotè (Community Based Organization, “CBO”) ak lòt moun ki menm ak yo sou lakou lekòl, nan pwomnad lekòl ak nan lòt travay ki gen rapò ak lekòl ki fèt andeyò lakou lekòl la.
- B. Yo pa dwe bay elèv pinisyon kòporèl poutèt li gen yon konpòtman ki deranje pwosesis edikasyon an. Lekòl yo ta dwe entèvni avèk sesyon konsèy, travay ak paran, pou konsidere konpòtman ki deranje pwosesis edikatif la dapre CR A-443 ak atant konpòtman vil Nouyòk DOE a pou sipòte aprantisaj elèv (“Kòd disiplin”).
- C. Anplwaye ki vyole règleman sa a kapab jwenn pinisyon apwopriye.

II. DEFINISYON

Yo defini pinisyon kòporèl¹ kòm tout aksyon kote yo itilize fòs fizik sou yon timoun pou pini l. Yo pa konsidere kòm pinisyon kòporèl, itilizasyon fòs fizik rezonab pou nenpòt rezon sa yo:

- Pou pwoteje tèt ou kont domaj fizik;
- Pou pwoteje yon lòt elèv oswa pwofesè oswa tout lòt moun kont domaj fizik (paegzanp, separe moun k ap goumen san w pa gen pou itilize fòs brital);
- Pou pwoteje pwopriyete lekòl la oswa lòt moun; oswa
- Pou metrize oswa fè yon elèv ki gen yon konpòtman k ap afekte aktivite ak pefòmans fonksyonman, otorite, oswa travay distri lekòl la sòti, si elèv la refize sa yo mande l sispann fè k ap deranje aktivite klas la, epi yo pa ka aplike lòt pwosedi ak metòd yon fason rezonab kote yo pa itilize fòs fizik pou atenn objektif ki tabli pi wo yo.

III. AVI POU ESTAF

²³Direktè/repzantan dwe garanti ke tout manm estaf la, antwòt lòt manm nan estaf lekòl la ki pa anseyan, konnen règleman DOE yo ki gen pou wè ak pinisyon kòporèl. Omwen, direktè a/repzantan dwe asire ke :

- A. Nan kòmansman chak ane lekòl, yo revize enpòtans règleman sa a avèk tout estaf, yo distribiye yon kopi règleman sa a ba chak manm estaf epi chak manm estaf siyen pou konfime yo resevwa l;
- B. Yo revize enpòtans Règleman sa a avèk chak manm estaf ki vini lekòl la apre kòmansman ane lekòl la, yo ba li yon kopi Règleman sa a, epi fè li siyen pou konfime li resevwa l; epi
- C. Lè sa nesèsè pandan ane lekòl la, yo redistribiye règleman sa a ak/oswa yo bay èd teknik konsènan règleman sa a.

IV JAN POU YON MOUN RAPÒTE LI TEMWEN YON PINISYON KÒPORÈL

Biwo envestigasyon espesyal (Office of Special Investigations, OSI) responsab pou fè entèvyou, evalye, revize ak pibliye enfòmasyon ba divès biwo nan DOE ak lòt enstitisyon apwopriye konsènan akizasyon pou pinisyon kòporèl.

¹ Règleman sa a pa konsidere abi vèbal. Pwosedi pou rapòte ak rezoud abi vèbal tabli nan Règleman A-421.

² Mo direktè, lè yo itilize l nan Règleman sa a, vle di tou sipèvizè lokal.

³ Lè yo itilize l nan règleman sa a, tèm repzantan an vle di yon sipèvizè direktè a nome.

A. Obligasyon manm estaf la

1. Nenpòt manm nan estaf ki se temwen pinisyon kòporèl sou elèv oswa ki konnen yon elèv viktim pinisyon kòporèl, oblije rapòte l ba direktè a/reprezantan l nan espas yon jounen lekòl. Manm estaf la dwe tou fè yon deklarasyon temwen jan yo tabli l nan seksyon IV.B.3 ki pi ba a.
2. Si akizasyon pou pinisyon kòporèl la se kont direktè a, manm estaf la dwe fè rapò pinisyon kòporèl la dirèkteman ba OSI lè l itilize sistèm OSI pou rapòte l sou entènèt nan https://www.nycenet.edu/offices/osi/CPR_Form/form.aspx.

B. Obligasyon Direktè/reprezantan l

Direktè a oswa reprezantan l dwe tousuit rapòte tout akizasyon pou pinisyon kòporèl ke anplwaye, gadyen lekòl, founisè, konsiltan DOE, estaf CBO ak tout lòt moun tankou yo, ba OSI nan espas yon jou lekòl depi l vin okouran akizasyon an lè li mete enfòmasyon yo nan Sistèm DOE pou rapòte sa ki pase a sou entènèt (Online Occurrence Reporting System “OORS”).

1. Si direktè a/reprezantan l lan antre yon rapò pinisyon kòporèl nan OORS, sit la ap voye l otomatikman sou sistèm pou rapò sou entènèt OSI a.
2. Direktè/reprezantan l dwe jwenn deklarasyon yon temwen nan men nenpòt manm estaf k ap rapòte (nan fòm ki nan OORS) epi mete deklarasyon an nan OORS nan espas de jou lekòl depi yo te fè akizasyon an.
3. Apre yo fin fè yon rapò ba OSI ak jwenn deklarasyon yon temwen nan men nenpòt manm estaf ki fè rapò, direktè/reprezantan l pa p pran okenn lòt mezi investigasyon pazavan OSI bay lòd sou jan pou yo avanse, eksepte si zak yo repwoche a se yon krim, direktè/reprezantan l dwe suiv avètisman an ak kondisyon pou fè rapò ki tabli nan CR A-412, tankou kontakte Depatman polis Vil Nouyòk (New York City Police Department, “NYPD”) ak Biwo komisyonè espesyal pou investigasyon (Special Commissioner of Investigation, “SCI”) imedyatman.

C. Depi yo resevwa yon rapò nan sistèm pou rapòte OSI la, sistèm sa a ap otomatikman bay yon nimewo konfimasyon (nimewo OSI). Yo dwe mete nimewo OSI la nan tout lòt komunikasyon konsènan ensidan yo rapòte a.

D. Paran, elèv ak estaf ki pa p travay pou DOE ka pote plent kont pinisyon kòporèl ba direktè a/reprezantan lekòl viktim lan ye a si li avèti OSI dirèkteman atravè sistèm rapò sou entènèt OSI a nan https://www.nycenet.edu/offices/osi/CPR_Form/form.aspx, oswa si li kontakte OSI nan (718) 935-3800. Yo ka itilize sistèm sou entènèt OSI a pou rapòte sou entènèt la pou fè plent anonim.

E. Si yon moun ki pa paran elèv ki swadizan viktim lan fè plent lan, direktè a dwe avize paran elèv ki swadizan viktim lan ke yo fè yon plent. Si direktè a konsène nan plent lan, sipèentandan an dwe imedyatman fè paran swadizan viktim lan ke yo pote yon plent.

V. **RANVWA ANPLWAYE A PANDAN ENVESTIGASYON AN**

Pandan y ap fè investigasyon sou pinisyon kòporèl la, yo dwe anpeche anplwaye yo denonse travay avèk elèv pou pwoteje sante, byennèt, ak sekirite elèv, epitou entegrite investigasyon an, jan l tabli pi ba a.

- A. Dèke OSI resevwa yon plent pinisyon kòporèl, l ap rekòmande si pou yo retire anplwaye a kote li ye a jiskaske yo fin fè investigasyon an. Si OSI pa rekòmande pou yo deplase l depi anvan, direktè a ka mande deplase l. Biwo investigasyon pèsònèl ka evalye l.
- B. Lè y ap deside deplase anplwaye a, yo dwe konsidere bagay sa yo : gravite konpòtman yo rapòte a ; lòt antesedan pou anplwaye yo akize a ; pinisyon yo ta ka konsidere si yo rive pwouve anplwaye a bat elèv la ; tip kontak ak kantite fwa anplwaye a ak elèv la te ankontak ; ak tout lòt faktè apwopriye.
- C. Si yo deplase yon anplwaye nan travay li jiskaske yo gen rezilta investigasyon sou pinisyon

kòporèl la, direktè a ap enfòmè anplwaye a, alekri, ke anplwaye a anba yon envestigasyon an pa pi ta pase senk jou lekòl apati dat yo deplase anplwaye a.

VI. ENVESTIGASYON

- A. OSI ap envestige akizasyon sou pinisyon kòporèl yo oswa lekòl la ap jere yo kòm yon envestigasyon lekòl ap fè (School-Based Investigation, SBI⁴). Apre OSI resevwa yon rapò sou pinisyon kòporèl, OSI ap avize direktè a si OSI ap mennen envestigasyon an oswa si se yon SBI k ap fè l.
1. Tout anplwaye DOE oblije kolabore nan envestigasyon sou pinisyon kòporèl, epi yo oblije prezante yo si yo konvoke yo pou yon entèvyou. Si OSI mande l, direktè a/reprezantan l dwe ede OSI kowòdone ak òganize entèvyou estaf lekòl la epi mete dokiman yo mande yo disponib.
 2. Direktè/reprezantan yo oblije envestige nenpòt SBI OSI voye ba yo. Avoka anchèf domèn lan (Senior Field Counsel) ap oryante direktè/reprezantan l ak ba yo lòd si sa nesèsè (gade seksyon VI.C). Si moun ki konsène nan SBI a pa nan lekòl la ankò nan moman rekòmandasyon an, direktè/reprezantan l dwe imedyatman avèti OSI alekri epi OSI ap bay lòt lòd.
 3. Si, pandan anvestigasyon an ap fèt, gen soupson ki fè kwè ke gen krim ki komèt, yo dwe kontakte tousuit NYCPD ak SCI, epi yo dwe sispann envestigasyon an jiskaske yo gen lòt rekòmandasyon.
- B. Kit se OSI k ap envestige ka a, kit se lekòl la, yo dwe suiv etap envestigasyon sa yo:
1. Entèvyouwe moun yo di ki viktim yo ak elèv/estaf ki temwen yo apa epi pran deklarasyon yo alekri pi vit posib.⁴
 2. Bay anplwaye yo akize a 48 èdtan avi alekri sou dwa li pou l prezante avèk yon reprezantan sendika nan yon entèvyou pou envestigasyon pou diskite akizasyon pou pinisyon kòporèl la sou fòm avi 48èdtan an..⁵
 3. Yo pa ka konvoke entèvyou pou envestigasyon an san yon reprezantan sendika oswa anvan 48 èdtan apre anplwaye a resevwa avi alekri a amwenske anplwaye a renonse dwa li genyen pou avi 48èdtan an ak/oswa dwa pou li akonpaye l ak yon reprezantan sendika.
- Nan sitiyasyon sa a, anplwaye a dwe siyen yon renonsman.⁶
4. Rankontre avèk anplwaye yo akize a si nesèsè pou pran yon desizyon. Nan reyinyon an, yo dwe bay anplwaye a yon deskripsyon akizasyon pou pinisyon kòporèl la ak opòtinite pou bay vèsyon pa l sou sa ki pase a.
 - a. Si anplwaye yo akize a mande yon chans pou l li deklarasyon elèv temwen an, oswa deklarasyon adilt temwen an ki gen nenpòt enfòmasyon ki ka pèmèt li idantifye elèv la pèsonèlman, yo dwe bay anplwaye a opòtinite pou l gade li epi pou l siyen yon dokiman sou konfidansyalite an prezans yon reprezantan sendika a (kote reprezantan an prezans) pou di li p ap di sa ki gen nan deklarasyon an oswa li p ap vanje moun ki fè deklarasyon an.⁷ Yo dwe bay reprezantan sendika a tou opòtinite pou l li ak siyen dokiman sou konfidansyalite a. Yo dwe bay moun yo akize a ak/oswa reprezantan sendika a kopi dokiman sou konfidansyalite a lè yo mande.
 - b. Si anplwaye yo akize a ak reprezantan sendika a siyen dokiman sou konfidansyalite

⁴ Entèvyou elèv temwen yo pa bezwen avi oswa konsantman paran. Si yon paran pa la, direktè a/reprezantan l ka fè entèvyou a an prezans yon administratè oswa yon manm estaf ki pa gen anyen pou wè ak ensidan an, paegzanp yon asistan direktè, yon sansè, yon asistan sosyal, oswa yon konseye pedagojik.

⁵ Ou ka jwenn Fòm avi 48èdtan an nan InfoHub anplwaye a (paj Senior Field Counsel).

⁶ Ou ka jwenn Fòm renonsman an nan InfoHub anplwaye a (paj Senior Field Counsel).

⁷ Ou ka jwenn Fòm sou konfidansyalite a nan InfoHub anplwaye a (paj Senior Field Counsel).

a, yo dwe montre anplwaye a ak reprezantan sendika a nan reyinyon an tout deklarasyon temwen yo jan yo te fè l la san yo pa korije anyen. Y ap pèmèt anplwaye a ak reprezantan sendika a transkri tout deklarasyon temwen yo men yo pa pèmèt li kenbe kopi deklarasyon temwen sa yo.

c. Si anplwaye yo akize a decide pa siyen dokiman sou konfidansyalite a, yo dwe retire nan dokiman an tout enfòmasyon ki ka pèmèt idantifye tout lòt elèv ki pa viktim la nan deklarasyon elèv viktim lan, nan deklarasyon elèv temwen, ak nan deklarasyon adilt temwen anvan yo kite anplwaye yo akize a wè l. Yo dwe montre anplwaye yo akize a ak reprezantan sendika a tout deklarasyon temwen yo revize. Yo dwe pèmèt anplwaye a ak reprezantan sendika a pou l transkri tout deklarasyon temwen revize yo men yo pa dwe pèmèt li kenbe kopi deklarasyon sa yo.

5. Evalye prèv ak kredibilite tout temwen, tankou elèv yo di ki viktim lan ak anplwaye yo akize a epi detèmine si plent lan gen fondman.

6. Si plent lan gen fondman, fè yon reyinyon pou disiplin.⁸ Tout anplwaye yo akize ak reprezantan sendika yo ki nan konferans pou disiplin lan gen dwa wè ak kenbe kopi tout deklarasyon temwen yo anvan yo decide nenpòt pinisyon. Si yon anplwaye oswa reprezantan sendika anplwaye a refize siyen dokiman sou konfidansyalite a, yo dwe retire nan dokiman an tout enfòmasyon ki ka pèmèt yo idantifye pèsònèlman nenpòt elèv ki pa viktim la, nan deklarasyon elèv viktim lan, nan deklarasyon elèv temwen an, ak deklarasyon adilt temwen anvan yo bay anplwaye yo akize a ak reprezantan sendika a kopi yo.

C. Pou Envestigasyon nan lekòl sèlman:

1. Sou 15 jou lekòl depi yo pote plent la, direktè a dwe detèmine si wi oswa non plent lan gen fondman epi li dwe ranpli Fòm Rapò Envestigasyon—Pinisyon kòporèl ak/oswa Abi vèbal yo ki eksplike desizyon yo pran konsènan chak akizasyon (al gade Dokiman siplemantè No. 1, Fòm Rapò Envestigasyon). Si direktè yo bezwen plis tan pou fini investigasyon an poutèt sikonstans eksepsyonèl, yo dwe diskite sa avèk Senior Field Counsel la.

2. Lè yon SBI fini, direktè yo dwe eskane (scan)/imèl oswa fakse Fòm Rapò investigasyon yo ranpli ak siyen an, ansanm avèk tout nòt yo pran sou entèvyou yo, deklarasyon alekri ak rezilta investigasyon yo, ba Senior Field Counsel la. Yo konsidere yo fèmen dosye SBI yo sèlman apre direktè a resevwa otorizasyon Senior Field Counsel la pou fè sa.

3. Si yo pa fè yon SBI atan, sa ka lakoz yo pran sanksyon.

D. Depi dosye a fèmen, OSI oswa nan ka yon SBI, direktè a/reprezantan l dwe enfòme paran elèv ki sanse viktim lan kit yo pwouve deklarasyon yo gen fondman kit yo pa gen fondman. Direktè a/reprezantan l ap detèmine si yo dwe bay entèvansyon ak sipò pou elèv la, bay paran an opòtinite pou diskite entèvansyon ak sipò sa yo, lè yo garanti l.

VII. AKSYON PÈSONÈL

A. Direktè a dwe pran mezi disiplin ki apwopriye kont nenpòt manm estaf ki gen plent akizasyon pou pinisyon kòporèl ki gen fondman kont li. Pa gen anyen nan Règleman sa a ki ka anpeche yon direktè oryante oswa discipline yon anplwaye pou kondwit ki pa kòrèk /ki pa pwofesyonèl ki gen pou wè ak vyolasyon Règleman sa a. Si w bezwen èd pou ekri lèt pinisyon, direktè yo ta dwe diskite avèk Senior Field Counsel la.

B. Depi yon direktè fin resevwa konfimasyon nan men Senior Field Counsel la ki di dosye a fèmen, yo dwe enfòme manm estaf yo akize a sou rezilta investigasyon an. Si yo bay anplwaye yo akize a yon lòt pòs pandan investigasyon an epi pa gen lòt rezon pou bay li yon lòt pòs, anplwaye dwe retounen nan pòs regilye li genyen an.

⁸ Direktè/reprezantan l ka fè reyinyon ki gen rapò ak investigasyon ak disiplin anmenmtan depi anplwaye yo akize a gen opòtinite pou reponn akizasyon yo epi direktè/reprezantan l konsidere nenpòt repons ak tout lòt prèv avan yo pran yon desizyon final ak bay yon sanksyon.

- C. Yon anplwaye ki vyole nenpòt lwa nan Règleman sa a ka resevwa sanksyon ki ka lakoz li pèdi djòb li oswa lòt mezi apwopriye pou swivi.

VIII. **KONFIDANSYALITE**

Se règleman DOE pou respekte vi prive tout moun ki gen pou wè ak yon ensidan ak tout temwen pou plent yo pote dapre Règleman sa a. Men, yo dwe konsidere konfidansyalite dapre obligasyon pou kolabore avèk envestigasyon, pou bay moun yo akize a dwa legal apwopriye, ak/oswa pou pran aksyon nesèsè pou rezoud plent lan. Yo entèdi anplwaye lekòl ki okouran yon envestigasyon sou pinisyon kòporèl bay nenpòt enfòmasyon konsènan plent lan ba moun ki pa otorize, paegzanp non anplwaye yo akize a (yo), non elèv viktim lan (yo), ak non temwen yo, eksepte jan lalwa egzije l.

IX. **ENTÈDIKSYON FALSIFIKASYON/VANJANS**

Yo entèdi kategorikman tout moun eseye falsifye oswa anpeche yon envestigasyon sou pinisyon kòporèl oswa eseye vanje kont moun ki viktim ensidan an, moun ki rapòte l, oswa moun ki temwen pinisyon kòporèl la, epi sa ka lakòz pinisyon. Yo dwe rapòte konpòtman sa a touswit ba SCI nan (212) 510-1400 oswa nan intake@nycsci.org.

X. **RAPÒ BA DEPATMAN EDIKASYON ETA NOUYÒK**

DOE soumèt yon rapò chak 6 mwa konsènan plent sou pinisyon kòporèl ba Komisyonè edikasyon an nan dat 15 janvye ak 15 jiyè chak ane. Rapò a tabli prensip pou chak plent, rezilta chak envestigasyon, ak aksyon, si genyen, ke otorite lokal lekòl la pran pou chak ka.

XI. **EKSEPSYON**

Chanselye a oswa reprezantan l ka anile tout règleman sa a oswa yon pati ladan nan sikonstans espesyal ak lè li nan pi bon enterè sistèm lekòl la.

XII. **KESYON**

Si w gen kesyon konsènan Règleman sa a, voye yo nan:

Telefòn:	<i>Office of Special Investigations</i> N.Y.C. Department of Education 65 Court Street – Room 922
718-935-3800	Brooklyn, NY 11201
	Imèl: OSI-Inquiries@schools.nyc.gov
	Pou Envestigasyon nan lekòl, kontakte <i>Senior Field Counsel ou a</i>

DOSYE OSI _____

BIWO ENVESTIGASYON ESPEYAL (OFFICE OF SPECIAL INVESTIGATIONS, OSI)

65 COURT STREET - ROOM 922

BROOKLYN, NY 11201

TELEFÒN - 718-935-3800

AKIZASYON POU PINISYON KÒPORÈL AK/OSWA ABI VÈBAL
RAPO ENVESTIGASYON

Dat rapò a: _____

Nimewo dosye OSI: _____

1. ENFÒMASYON SOU ANPLWAYE KONSÈNE A

Non: _____ Nimewo dosye/Nimewo anplwaye _____

Pòs: _____ Adrès kay: _____

Dat nesans: _____ Lisans: _____

Lekòl: _____ Distri: _____ Boro: _____ Rejyon: _____

Kantite ane sèvis: _____

Titilè: _____ nan pwobasyon: _____ CPT: _____ Per Diem: _____

2. ISTWA TRAVAY ANPLWAYE A

Evalyasyon/aksyon negatif presedan Wi Non Si genyen, eksplike, paegzanp dat:

Akizasyon presedan sou pinisyon kòporèl oswa abi vèbal Wi Non Si genyen, eksplike, paegzanp dat ak nimewo rapò a(yo):

DOSYE OSI _____

3. **ENFÒMASYON SOU ELÈV (PLEYAN/VIKTIM)** (ou ka dokimante lòt enfòmasyon/viktim sou yon fèy apa, ke ou dwe voye ak dokiman sa a avn w voye l)

Non: _____ Klas: _____ Dat nesans: _____

Èske elèv la te pote lòt plent avan sa?

Si wi, eksplike, paegzanp dat ak nimewo rapò

Wi

Non

Istwa sou pèfòmans elèv la (konduit, etc):

4. **ENFÒMASYON SOU JAN POU KONTAKTE PARAN/RESPONSAB**

Non: _____

Adrès: _____

Telefòn kay : _____

telefòn biznis: _____

Adrès imèl: _____

Dat yo te enfòme paran/responsab la sou ensidan an: _____

Manm estaf lekòl ki te enfòme paran an: _____

DOSYE OSI _____

5. ESTAF/ELÈV YO TE ENTÈVYOUWE

Non: _____ Tit/Klas: _____

_____	_____
_____	_____
_____	_____
_____	_____
_____	_____
_____	_____
_____	_____
_____	_____
_____	_____
_____	_____
_____	_____
_____	_____
_____	_____
_____	_____
_____	_____
_____	_____

SONJE: Si moun yo entèvyouwe yo se elèv tanpri mete non elèv yo ak enfòmasyon sou jan pou yo kontakte paran yo, sou yon fèy papye apa.

DOSYE OSI _____

6. ENSIDAN

SI ELÈV LA AK/OSWA MANM ESTAF LA TE FÈ DEKLARASYON ALKERI, OU DWE VOYE KOPI DEKLARASYON SA YO AVÈK FÒM SA A.

Dat ensidan an: _____ Lè: _____

Adrès: _____

Deskripsyon sa yo rele ensidan an:

Aprè mwen fin byen gade deklarasyon yo ak evalye onètete moun yo di ki viktim lan, temwen an ak moun ki konsène nan investigasyon sa a, men sa mwen konkli ki te rive: (si nesèsè, mete lòt enfòmasyon sou yon fè papye apa, ke ou dwe voye)

7. REZILTA

Yon rezolisyon obligatwa. Chwazi nan opsyon ki pi ba a.

_____ Akizasyon kont pinisyon kòporèl la pa fonde (sa vle di pa gen fondman).

_____ Akizasyon kont pinisyon kòporèl la fonde.

Akizasyon kont abi vèbal pa fonde (sa vle di pa gen fondman).

_____ Akizasyon kont abi vèbal te fonde nan sans konduit la rabese, anbarase oswa li ka fè yo ridikilize elèv la.

DOSYE OSI _____

_____ Akizasyon kont abi vèbal te fonde epi konduit la konstitiye yon zak materyèl abi vèbal nan sans langaj la:

1. Genyen oswa ta kapab genyen move konsekans epi ta ka deranje seryezman fason yon elèv pèfòme oswa kapasite l sou plan edikasyon pou l patisipe nan oswa benefisye yon pwogram edikasyon, nan aktivite lekòl la patwone oswa nan nenpòt lòt aspè edikasyon yon elèv; oswa
2. Genyen oswa ta genyen move konsekans epi ta ka deranje seryezman byennèt mantal, emosyonèl, oswa fizik yon elèv; oswa
3. Lakòz seryezman oswa ta ka lakòz yon elèv pè pou sekirite fizik li; oswa
4. Lakòz seryezman oswa ta ka lakòz domaj fizik oswa twoub emosyonèl pou elèv la.

_____ Akizasyon an(yo) pa t fonde men yo jwenn moun ki konsène a te fè move jijman.

KANPE: Tanpri voye paj 1-5 dokiman sa a ba Senior Field Counsel (SFC) pa w la pou li evalye l. Si yo gen pou pran sanksyon, yo ka pran l sèlman apre SFC w la fin evalye tout dokiman ki obligatwa yo ak deside investigasyon an fini.

Tanpri sonje: Nan tout ka kote yo te jwenn yon akizasyon kont pinisyon kòporèl ak/oswa abi vèbal te gen fondman oswa kote yo te konkli te gen move jijman, yo dwe pran sanksyon oswa mezi ki apwopriye pou suivi.

8. DISKISYON AVÈK KONSEYE ANCHÈF SOU TEREN (SFC)

_____ Yo te kontakte SFC a nan dat:

_____ Dat

9. MEZI YO TE PRAN APRE YO FIN DISKITE AVÈK SFC A

_____ Reprimand vèbal

_____ Dat

_____ Lèt pou dosye

_____ Dat

_____ Memo konsèy

_____ Dat

Sanksyon yo rekòmande¹

_____ Dat

_____ Fen kontra travay

_____ Dat

_____ Lòt sanksyon (presize) _____

_____ Dat

¹ Si moun ki konsène a se yon anplwaye pèmanan, epi yo rekòmande sanksyon dapre lwa sou edikasyon eta a, seksyon 3020-a akòz move konpòtman ki grav oswa residivis oswa lòt faktè konsènan pèfòmans anplwaye a, lekòl la dwe diskite avèk Konseye anchèf Divizyon pwosè administratif (Administrative Trials Unit) DOE a nan (212-374-6888).

DOSYE OSI _____

10. AVI POU PARAN

_____ Paran yo te enfòme sou rezilta yo

_____ Dat

_____ Non moun ki prepare rapò a

_____ Tit

_____ Siyati moun ki prepare rapò a

_____ Dat yo prepare l